

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Bab ieu medar ngeunaan métode, téhnik, instrumen, jeung sumber data anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan. Pedaran dina bab ieu dipilih sangkan bisa ngalancarkeun ieu panalungtikan.

3.1 Métode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan anu rék dihontal tug nepi ka meunang kacindekan dina ieu panalungtikan, métode anu rék dipaké nya éta métode *déskriptif*. Métode *déskriptif* nya éta métode anu bisa ngaréngsikeun pasualan anu aktual ku jalan nyusun atawa nyieun papasingan, jeung nganalisis sarta napsirkeun data-data (Arikunto, 2006:139-140).

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode *déskriptif*. Dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sakumna kecap barang rundayan anu kapanggih dina novél *Sripanggung* karangan Tjaraka.

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Sripanggung* karangan Tjaraka wedalan PT. Kiblat Buku Utama. Tina éta sumber data dipilih sakabéh kecap barang rundayan salaku populasi. Sakabéh populasi dijadikeun sampel. Ku kituna, ieu panalungtikan maké sampel total.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data, ieu panalungtikan maké téhnik *ulikan pustaka* (studi bibliografi) jeung *analisis téks*. Téhnik *ulikan pustaka* dipaké pikeun meunangkeun katerangan ngeunaan tatapakan tiori anu aya patalina jeung masalah anu keur ditalungtik.

Téhnik *analisis téks* dilaksanakeun langsung dina novél *Sripanggung* karangan Tjaraka kalawan tujuanna pikeun nyungsi gambaran ngeunaan kecap barang rundayan. Ngaliwatan ieu téhnik, dipiharep perkara ngeunaan kecap barang rundayan bisa dikumpulkeun.

Prosedur ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah-léngkah:

- 1) maca sagemblengna novél *Sripanggung* karangan Tjaraka;
- 2) nyirian sakabéh kecap barang rundayan anu aya dina novél *Sripanggung* karangan Tjaraka;
- 3) nyieun papasingan kecap barang rundayan dumasar kana wangun rarangkénna; jeung
- 4) nyalin sakabéh kecap barang rundayan kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu dipaké pikeun ngumpulkeun data kecap barang rundayan anu aya dina novél *Sripanggung* karangan Tjaraka nya éta kartu data, wangunna saperti ieu di handap.

Conto format kartu data.

Péfixs <i>ka-</i>	frékuénsi: 20
Conto: kasusah	
Wangun dasar: Nominal	
Fungsi: Nominal	
Harti: 'hal anu patali jeung ...'	

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data panalungtikan ngeunaan kecap barang rundayan dicokot tina sumber tinulis, nya éta novél *Sripanggung* karangan Tjaraka. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) nyusun sakabéh kecap barang rundayan anu aya dina novél *Sripanggung* karangan Tjaraka sacara alfabetis;
- 2) nyieun papasingan kecap barang rundayan dumasar kana wangun dasarna, rarangkénna, jeung hartina;
- 3) nganalisis sakabéh kecap barang rundayan anu kapanggih;
- 4) ngadéskripsikeun sakabéh kecap barang rundayan anu kapanggih; jeung
- 5) nafsirkeun jeung nyindekkeun hasil analisis data kecap barang rundayan.